## VI ТЕМА

# Референдум өткериўши участка комиссиясының референдум процесси қатнасыўшылары (*ҒХҚ, гүзетиўшилер, жәмәәт тәртибин сақлаўға жуўапкер мекемелер ўәкиллери*) менен бирге ислесиўи

1. Референдум өткериўши участка комиссиясының гүзетиўшилер ҳәм ҒХҚ ўәкиллери менен ислеў тәртиби

2. Гүзетиўшилер, ҒХҚ ўәкиллериниң ҳуқық ҳәм миннетлемелери

3. Гүзетиўшилер, ҒХҚ ўәкиллерине қадаған етилген искерлик

4. Участка комиссияларының ишки ислер органлары ҳәм миллий гвардия хызметкерлери менен бирге ислесиўи

## 1. Референдум өткериўши участка комиссияларының гүзетиўшилер ҳәм ҒХҚ ўәкиллери менен ислеў тәртиби

«Өзбекстан Республикасының референдуми ҳаққында»ғы Нызамы ҳәмде Референдум участкалары ҳәмде референдум өткериўши участка комиссиялары ҳаққындағы тәртип талапларына тийкар, референдум өткериўши участка комиссиясы өз искерлигин нызамлылық, коллегиаллик, әшкаралық ҳәм әдиллик принциплери тийкарында әмелге асырады.

Участка комиссиясы жумысының шөлкемлестириў формасы болса, оның зәрүрлигине қарап өткерилетуғын жыйналысы есапланады.

Участка комиссиясының жыйналысы, егер онда жыйналыс өткерилип атырған күндеги комиссия ағзалары улыўмалық санының кеминде үштен еки бөлими қатнасып атырған болса, ўәкилликли есапланады.



Участка комиссиясының жыйналысы баслықтың белсендилигине көре яки комиссия ағзалары улыўмалық қурамының кеминде үштен бир бөлими талабына муўапық шақырылыўы мүмкин.

Участка комиссиясының жыйналысларында жоқары турыўшы комиссия ағзалары, сиясий партиялардан, пуқаралардың өзин өзи басқарыў органларынан, пуқаралар белсенди топарларынан, сырт ел мәмлекетлер ҳәмде халықаралық шөлкемлерден гүзетиўшилер, ҒХҚ ўәкиллери қатнасыўы мүмкин.



Сиясий партия ағзасы яки тәрептары ямаса сиясий партияға тилеклес болған ҳәр қандай Өзбекстан Республикасының 18 жасқа толған пуқарасы сиясий партиядан гүзетиўши болыўы мүмкин.

Пуқаралардың өзин өзи басқарыў органларынан пуқаралар жыйыны баслығы (ақсақалы), оның орынбасары, мәсләхатшысы, сондай-ақ пуқаралар жыйыны органларының басқа лаўазымлы шахслары гүзетиўши болыўы мүмкин.

Референдумда қатнасыў ҳуқықына ийе болған пуқаралар белсенди топары ағзасы яки тәрептары ямаса пуқаралар белсенди топарына тилеклес болған ҳәр қандай Өзбекстан Республикасының 18 жасқа толған пуқарасы пуқаралар белсенди топарынан гүзетиўши болыўы мүмкин.

Орайлық сайлаў комиссиясы, округ комиссиялары тәрепинен аккредитациядан өткерилген ҒХҚ ўәкиллерине белгиленген формадағы гуўалықлар бериледи. ҒХҚ ўәкиллери ўәкиллик мүддети оған аккредитациядан өткенлиги ҳаққындағы гуўалық

берилген күннен басланады ҳәм референдум жуўмақлары рәсмий жәрияланған күни тамамланады.

Участка комиссия баслығы жергиликли гүзетиўшилер, ҒХҚ ўәкиллери, басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлердиң гүзетиўшилери менен комиссия атынан ис алып барады.

Участка комиссия баслығы даўыс бериў ханасының үскенелениўинде гүзетиўшилер ҳәм ҒХҚ ўәкиллери ушын ажыратылған орын оларға даўыс бериў ҳәм даўысларды санап шығыў процесслеринде референдум ҳаққындағы нызамшылыққа әмел қылыныўы үстинен жәмәәтшилик қадағалаўын әмелге асырыў көз қарастан қолай болыўын есапқа алған ҳалда шөлкемлестирилиўи лазым.

Участка комиссиясы имаратына гүзетиўшилер ҳәм ҒХҚ ўәкиллери келгенинде. Участка комиссия баслығы оларды күтип алады ҳәм шахсын тастыйықлаўшы ҳәм ўәкилликлерин тастыйықлаўшы ҳүжжетлерди усыныўын сорайды.

Участка комиссиясы баслығы жергиликли гүзетиўшилер, ғалабалық хабар қуралларының ўәкиллери, басқа мәмлекетлер ҳәм халықаралық шөлкемлерден гүзетиўшилерди тийисли референдум комиссиясы тәрепинен берилген мандаты ҳәм шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжетлерди орынбасарына береди ҳәм орынбасар усынған ҳүжжетлер тийкарында усы шахсларды дизимге алыўды шөлкемлестиреди ҳәмде оларды гүзетиў ушын ажыратылған жерге жайласыўлары ушын шақырады.



## 2. Гүзетиўшилер, ҒХҚ ўәкиллеринин ҳуқық ҳәм миннетлемелери

**Гүзетиўши төмендеги ҳуқықларға ийе:**

– референдум өткериўши комиссияларының жыйналысларында болыў;
– референдум участкасында болыў ҳәмде таярлық жумысларының барысын, даўыс бериў қутыларының жайластырылыўы ҳәм мөрилениўин, пуқараларға даўыс бериў бюллетенлеринин берилиўин гүзетиў;
– даўыс бериў күни даўыс бериў процессин гүзетиў;
– мүддетинен алдын даўыс бериўди өткериў ўақты ҳәм орны ҳаққында хабардар болыў ҳәмде усы процессти гүзетиў;
– пуқараның турған орнында оның руқсаты менен даўыс бериў процессиниң жасырынлық принципин бузбаған ҳалда гүзетиў;
– даўысларды санап шығыўда ҳәм референдум өткериўши участка комиссиясының даўыс бериў жуўмақлары ҳаққындағы баяннамасын дүзиўде болыў;
– даўыс бериў нәтийжелери ҳаққындағы ҳүжжетлердиң тийисли референдум өткериўши комиссиясы тәрепинен тастыйықлаған көширме нусқаларын сораў ҳәм алыў;
– референдум өткериўши участка комиссиясының искерлигине ҳәмде референдумда даўыс бериў процессине кесент берместен ҳәм даўыс бериўдиң жасырынлығын бузбастан фото, видео, аудио жазыўларды әмелге асырыў (қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынлары, әскерий бөлимлер, емлеў мекемелери буннан тысқары);
– гүзетиў нәтийжелери ҳаққында ғалабалық хабар қураллары ўәкиллерине ё етиў;
– референдум өткериўши округ комиссиясы тәрепинен референдум өткериўши участка комиссияларынан да-

ўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баяннамаларды қабыл қылып алыў ҳәмде округ бойынша референдум нәтийжелерин анықлаў процессинде болыў;

– әскерий бөлимлерде, қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынларында дүзилген референдум участкаларына барыўы ҳаққында keminде үш күн алдын тийисли участка комиссиясын белгиленген тәртипте хабардар етиў;
– егер референдум участкасында референдумға тийисли нызамшылық талаплары бузылыўына жол қойылған деп есаплаў ушын тийкарлар болса, өз гүзетиўлери ҳаққында усы участка комиссиясы ағзаларына олардың жумысына араласпаған ҳалда хабардар етиў, сондай-ақ жоқары турыўшы референдум өткериўши комиссияларына хабар бериў;
– референдум ҳаққындағы нызамшылық хүжжетлери ҳаққында, сондай-ақ референдумға таярлық көриў ҳәм оның өткерилиўи бойынша өз пикирин баян етиў ҳуқықына ийе.

Гүзетиўши нызам хүжжетлерине муўапық басқа ҳуқықлардан да пайдаланады.

**Гүзетиўши:**

– өз искерлигинде Өзбекстан Республикасы Конституциясына «Өзбекстан Республикасының референдуми ҳаққында»ғы Нызамына, Орайлық сайлаў комиссиясының қарарларына әмел қылыў;
– барлық дәрежедеги референдум өткериўши комиссияларына, мәмлекетлик ҳәкимияты ҳәм басқарыў органлары ҳәм басқа шөлкемлерге барғанында оған берилген мандатты ҳәмде өз шахсын тастыйықлаўшы хүжжетти жанында алып жүриўи ҳәмде лаўазымлы шахслар талабына муўапық оларды көрсетиў;
– өз жуўмақларын жеке өзи өткерилген гүзетиў ҳәм ҳақыйқый материаллар менен тийкарлаў шәрт.

**ҒХҚ ўәкили төмендеги ҳуқықларға ийе:**

– референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериўге тийисли барлық иләжларды жарытыў;
– референдум өткериўши комиссиялардың жыйналысларында болыў;
– референдум өткериўши комиссиялардың қарарлары нусқаларын ҒХҚда жарытыў ушын алыў;
– мүддетинен алдын даўыс бериўди өткериў ўақты ҳәм орны ҳаққында хабардар болыў ҳәмде усы процессти гүзетиў;
– референдум күни даўыс бериў ханаларында, соның менен бирге даўысларды санап шығыўда болыў;
– референдум процессин ҳәм даўыс бериўдиң жасырынлығын бузбастан фото, видео, аудио жазыўларды әмелге асырыў (қамақта сақлаў ҳәм еркинен айырыў орынлары, әскерий бөлимлер, емлеў мекемелеринде шөлкемлестирилген референдум участкалары буннан тысқары);
– пуқараның турған орнында оның руқсаты менен даўыс бериў процессинде болыў;
– тийисли округ комиссиясы референдум өткериўши участка комиссияларынан даўысларды санап шығыў нәтийжелери ҳаққындағы баяннамаларды қабыл қылып алыўы ҳәмде округ бойынша референдум нәтийжелерин анықлаўда болыў;
– референдумға таярлық көриў ҳәм оның өткерилиўи бойынша өз пикирин баян етиў ҳуқықына ийе.

ҒХҚ ўәкили нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа ҳуқықлардан да пайдаланады.

**ҒХҚ ўәкили:**

– өз искерлигинде Өзбекстан Республикасы Конституциясына, Референдум ҳаққындағы Нызамға, ОСКның қарарларына әмел қылыў;

– барлық референдум өткериўши комиссияларға, мәмлекетлик ҳәкимияты ҳәм басқарыў органлары ҳәм басқа шөлкемлерге келгенинде оған берилген гуўалықты ҳәмде өз шахсын тастыйықлаўшы ҳүжжетти жанында алып жүриўи ҳәмде лаўазымлы шахслар талабына муўапық оларды көрсетиў шәрт

## 3. Гүзетиўшилер, ҒХҚ ўәкиллерине қадаған етилген искерлик

**Гүзетиўшиге төмендегилер қадаған етиледи:**

– даўыс бериўши пуқара даўыс бериў бюллетенине өз белгисин қойып атырған ўақытта даўыс бериў кабинасына яки ханасында болыў, бул процессти суретке яки видеоға алыў;
– даўыс бериўши пуқараларға тәсир өткериў, қандайда бир үгит-нәсият материалы яки әдебиятын тарқатыў;
– даўыс бериўши пуқаралардан олар қандай даўыс бергенликлерин сорастырыў яки оларға даўыс бериў бюллетенге белги қойыўда қандайда бир тәризде жәрдем көрсетиў;
– референдум өткериўши участка комиссиясының искерлигине, соның менен бирге даўыс бериў қутыларын мөрилеў, оларды ашыў, даўысларды санап шығыў ўақтында араласыў.

**ҒХҚ ўәкилине төмендегилер қадаған етиледи:**

– конституциялық дүзимди зорлық пенен өзгертириўди мақсет етип қойыўшы, республиканың суверенитети, пүтинлиги ҳәм қәўипсизлигине, пуқаралардың конституциялық ҳуқық ҳәм еркинликлерине қарсы шығыўшы, урынысларды, социаллық, миллий, рассалық ҳәм диний қаслықты үгит-нәсиятлаў, халықтың ден-саўлығы ҳәм руўхыятына қастыянлық етиўши хабарларды тарқатыў;

- пуқараларға тәсир өткериў, нызамға қарсы рәўиште қандайда бир үгит-нәсият материалын яки әдебиятын тарқатыў;
- пуқара даўыс бериў бюллетенине өз белгисин қойып атырған ўақытта даўыс бериў кабинасына яки ханасында болыў;
- пуқаралардан олар қандай даўыс бергенликлерин сорастырыў яки пуқараларға бюллетенге белги қойыўда қандайда бир тәризде жәрдем көрсетиў;
- референдум өткериўши участка комиссиясының искерлигине, соның менен бирге даўыс бериў қутылары мөриленип атырған, ашылып атырған, даўыслар саналып атырғанда араласыў;
- референдум күни хәм даўыс бериў басланыўынан бир күн алдын жәмәәтшилик пикири сораўлары нәтийжелерин, референдум нәтийжелери прогнозларын, өткерилип атырған референдум менен байланыслы басқа изертлеўлерди жәриялаў.

## 4. Участка комиссияларының ишки ислер органлары хәм миллий гвардия хызметкерлери менен бирге ислесиўи

**Ишки ислер органлары хәм миллий гвардия хызметкерлери:**
- жәмәәт тәртибин сақлаўда участка комиссиялары менен бирге ислесиўди әмелге асырады хәм комиссия баслығының көрсетпеси тийкарында искерлик алып барады;
- бюллетенлер алынған күннен баслап бюллетенлер хәмде басқа хүжжетлер сақланатуғын имараттың қорықланыўын тәмийинлейди;
- референдум участкасы жанында айрықша жағдайлар (өрт, ғалабалық тәртипсизлик хәм басқалар) болған жағдайда хызметкер өзи қорғап атырған жерин таслап кетпестен, дәрхал басшылар яки нәўбетшилик бөлимине хабар береди;

– участка комиссиясы ағзаларының искерлигине қарсылық көрсетилгенде яки олардың ден-саўлығы, өмирине қәўип туўылғанында, оларды қорғайды. Буннан тысқары, жәмәәт тәртиби ушын жуўапкер шахс даўыс бериў күни референдум участкасы имаратында болған басқа шахсларды да қорғайды;
– референдум участкаларына тутас аймақларда жәмәәт тәртибин сақлайди;
– участка комиссиялары ағзалары гүзетиўи астында референдум нәтийжелерине тийисли хүжжетлерди тасыўда жәрдемлеседи;
– участка комиссиясының күнделик жумыс искерлиги тамамланғанлығынан соң референдум өткерилетуғын имаратлар хәм орынларды қорықлайды.

**ЯДТА ТУТЫҢ!**

***Участка комиссиясы баслығы жәмәәт тәртибин сақлаў ушын жуўапкер хызметкердиң қай жерде жайласыўын белгилейди.***

Референдум участкасы имаратында өрттен сақлаў, байланыс қураллары ушын жуўапкер хызметкерлердиң телефон дизимлери болыўы тәмийинленеди.

Участка комиссиясы баслығы (яки баслық орынбасары) даўыс бериў имаратындағы тәртипке әмел қылыныўын қадағалап барады.

**ЯДТА ТУТЫҢ!**

***Участка комиссиясының өз ўәкилликлери шеңберинде берген көрсетпелери даўыс бериў имаратында болған шахслар, соның менен бирге, ишки ислер органлары хәм Миллий гвардия хызметкерлери ушын мәжбүрий есапланады.***

***ЯДТА ТУТЫҢ!***

***Даўыс бериў күни ишки ислер органлары ҳәм Миллий гвардия хызметкерлери референдум участкасы имаратының тысқарысында жайласады.***

Ишки ислер органлары ҳәм Миллий гвардия хызметкерлери оператив байланыс орнатыў ушын уялы ҳәм жумыс телефон номерлерин участка комиссиясы баслығы ҳәм басқа ағзасына усыныўы шәрт.

Участка комиссиясы баслығы даўыс бериў имаратында тынышлық сақланыўы ҳәм тәртипке әмел қылыныўын тәмийинлеўи, даўыс бериў ҳәм оларды санап шығыўда нызамсыз ис-ҳәрекет пайда болғанында ишки ислер органлары яки Миллий гвардия хызметкерлерине мүрәжат қылыў мүмкин. Бунда, ишки ислер органлары ҳәм Миллий гвардия хызметкерлери тезлик пенен ўақыя орнына жетип келиўи лазым.



***ЯДТА ТУТЫҢ!***

***Ишки ислер органлары ҳәм Миллий гвардия хызметкерлери тәрепинен референдум участкасы территорясында тәртипсизлик, нызамсыз ис-ҳәрекетлер сапластырылғанынан соң участка комиссиясы баслығы көрсетпеси тийкарында референдум участкасы имаратын тәрк етиўи ҳәм референдумды өткериў процессине кесент бермейтуғын жерге жайласыўы шәрт.***

**Референдум участкасында болған ишки ислер органлары, Миллий гвардия хызметкерлерине төмендегилер қадаған етиледи:**

– даўыс бериўши пуқаралар, гүзетиўшилер ҳәм референдум процессиниң басқа қатнасыўшыларына тәсир өткериў;

– бюллетенге өз белгисин қойып атырған ўақытта жасырын даўыс бериў кабинасында яки ханасында болыў;

– қандайда бир үгит-нәсиятлық материалын яки әдебиятын тарқатыў;

– пуқаралардан олар қандай даўыс бергенлигин сорастырыў яки пуқараларға бюллетенге белги қойыўда қандайда бир тәризде жәрдем көрсетиў;

– участка комиссиясының искерлигине, соның менен бирге, оның жыйналысларында болыўға, даўыс бериў қутыларын мөрилеўге, оларды ашыўға, даўысларды санап шығыўға араласыў.

***ЯДТА ТУТЫҢ!***

***Ишки ислер органлары ҳәм Миллий гвардия хызметкерлери пуқараларға референдумға тийисли ҳуқықларын әмелге асырыў бойынша ҳуқықый жәрдем көрсетпейди. Түрли мәселелер пайда болғанында, ишки ислер органлары ҳәм Миллий гвардия хызметкерлери пуқараны участка комиссиясы баслығы, баслық орынбасары, хаткери яки басқа ағзасына жибереди.***